

Politik sou Zam ak Kontrebann

Gwoup Sib: Sistèm sante- Cleveland Clinic		Dat Piblikasyon Orijinal: 26/06/2002	Vèsyon 2
Moun ki Apwouve a: Komite Direktè yo, BOG/MEC	Dènye Dat Li Apwouve/Revize: 22/07/2015	Moun ki Prepare li a: David Easthon (CHEF LAPOLIS)	Dat Efektif: 26/08/2015
Euclid Hospital: Dat apwobasyon MEC: 14/08/2015 Dat Apwobasyon Komite: 19/08/2015 Dat Efektif:26/08/2015		Fairview Hospital: Dat apwobasyon MEC: Dat Apwobasyon Komite: 19/08/2015 Dat Efektif:26/08/2015	
Hillcrest Hospital: Dat apwobasyon MEC: Dat Apwobasyon Komite: 19/08/2015 Dat Efektif:26/08/2015		Lakewood Hospital: Dat apwobasyon MEC: Dat Apwobasyon Komite: 19/08/2015 Dat Efektif:26/08/2015	
Lutheran Hospital: Dat apwobasyon MEC: Dat Apwobasyon Komite: 19/08/2015 Dat Efektif:26/08/2015		Marymount Hospital: Dat apwobasyon MEC: Dat Apwobasyon Komite: 19/08/2015 Dat Efektif:26/08/2015	
Medina Hospital: Dat apwobasyon MEC: Dat Apwobasyon Komite: 19/08/2015 Dat Efektif:26/08/2015		South Pointe Hospital: Dat apwobasyon MEC: 18/08/2015 Dat Apwobasyon Komite: 19/08/2015 Dat Efektif:26/08/2015	
CCHR: Dat apwobasyon MEC: 4/9/2015 Dat Apwobasyon Komite: 4/9/2015 Dat Efektif:4/9/2015		Avon: Dat apwobasyon MEC: Dat Apwobasyon Komite: 19/08/2015 Dat Efektif:26/08/2015	

NOT ENPOTAN POU MET DOKIMAN YO:

Si dokiman ou an gen enpak sou moun k ap bay swen yo ki ap travay nan nenpòt nan Lopital Rejyonal nou yo EPI li egzije apwobasyon MEC, ou gen egzijans pou ou ranpli yon Fòmilè Rezime Dokiman epi atache li ak dokiman sa a.

Objektif

Pou bay pèsònèl sistèm sante Cleveland Clinic (CChs) la yon pwosesis estandadize nan anpeche entwodiksyon zam ak kontrebann nan pwopriyete CCh yo epi diminye ensidan kote zam oswa kontrebann prezan.

Deklarasyon Politik la

Pèsònèl CCh la pral pran prekosyon pou anpeche entwodiksyon zam/kontrebann nan etablisman li yo pandan yo ap respekte dwa fondamantal endividi an jan lwa lokal ak lwa eta a espesifye sa.

Rediksyon opòtinite pou zam/kontrebann pou antre nan etablisman CCh yo epi rezoud ak konpetans sityasyon kote nou jwenn zam/kontrebann primòdyal pou nou asire yon anviwònman sante ki ansekirite pou pasyan, vizitè, anplwaye ak moun ki pa anplwaye yo.

Definisyon

Chèn Responsablite an - Se dokimantasyon kwonolojik ki montre sezi, detansyon, kontwòl, transfè, analiz ak dispozisyon prèv/kontrebann.

Sistèm sante Cleveland Clinic lan - Ki genyen ladann, Avon, Euclid, Fairview, Hillcrest, Lakewood, Lutheran, Marymount, Medina, South Pointe, Lopital Timoun pou Reyabilitasyon, ak tout Sant Sante Fanmi yo, sit pratik pou Doktè yo Medsin, Sit Pratik Nevada yo, Depatman Ijans yo, Sant Swen Ijans yo ak Sant Operasyon Anbilatwa ki depann sou etablisman sa yo

Kontrebann - Kòd Revize Ohio an 2901.01 defini kontrebann antanke:

“Kontrebann vle di nenpòt pwopriyete ki ilegal pou yon moun pran oswa posede dapre estati, òdonans oswa règ, oswa yon ansanm detay legal detèmine ki ilegal pou posede yo pou nenpòt rezon enplikasyon moun nan nan yon enfraksyon.” Nenpòt bagay ekip lopital la detèmine ki danje oswa ki gendwa vyole vi prive lòt pasyan yo ka klase kòm kontrebann. Si yo sispèk nenpòt bagay oswa sibstans nan kontrebann, yo dwe rapòte li bay otorite Lapolis/Sekirite yo tousuit.

“Kontrebann genyen, men li pa limite ak, tout sa ki vini annapre yo:

- *Nenpòt sibstans ki kontwole jan sa defini nan seksyon 3719.01 Kòd Revize an, oswa nenpòt aparèy oswa yon pakèt atiray*
- *Nenpòt aparèy paryaj oswa yon pakèt atiray*
- *Nenpòt òdonans danje oswa materyèl obsèn.”*

Kòmantè kontrebann: Definisyon laj la fè li enposib pou site tout bagay ki gendwa konsidere kòm kontrebann. Kontrebann nan yon anviwònman lopital, espesyalman nan inite santbagaye konpòtman, gendwa genyen ladann yon lòt kote objè legal ki gendwa fè mal oswa danje pou yon pasyan, anplwaye, yon moun ki pa anplwaye, oswa vizitè posede akòz anviwònman an.

Yo konsidere sigarèt kòm kontrebann nan CCh.

Odonans Danje - Se nenpòt dispozitif eksplozif, men li pa limite ak, yon grenad alamen, dinamit, bonm, detonasyon, oswa aparèy ki met dife.

Zam Mòtèl – Se nenpòt dispozitif ki gendwa lakoz lanmò, epi ki swa fèt oswa espesyalman adapte pou itilizasyon l kòm yon zam ki genyen ladann, men ki pa limite ak, amafe, kouto abalèt, rach, elatriye.

Detektè Metal Alamen (bagèt) – Yon eskanè sekirite yo itilize pou detekte prezans zam ofansif sou yon moun oswa nan byen pèsònèl li, epi pou verifye pake oswa lèt pou bagay metal yo.

Moun ki pa Anplwaye - endividi ki bezwen aksè sou pwopriyete CCh yo ki pa resevwa yon chèk ak yon logo Cleveland Clinic sou li. Egzanp yo se etidyan, kontraktè, obsèvatè, elatriye.

Lapolis/Otorite Sekirite – Pou objektif politik sa a, Lapolis/Otorite Sekirite pral defini antanke Ofisye Lapolis ki sou plas nan Cleveland Clinic, Ofisye Sekirite oswa ofisye founisè kontra sekirite apwouve an bay la. Tèm nan pral itilize pou fè referans ak otorite lapolis lokal ki genyen jiridiksyon nan sikonstans kote pèsònèl lapolis/sekirite ki sou plas yo pa ratache ak yon etablisman.

Analiz - Sa genyen ladan l obsèvasyon vizyèl, pase detektè metal, pase nan yon mayetomèt oswa tate fizikman yon polis/sekirite oswa manb klinik fè sou yon moun.

Zam: Nenpòt dispozitif yon moun ka pote, posede oswa itilize nan objektif pou fè yon moun mal fizikman.

Aplikasyon Politik la

CChs fòmèlman entèdi pou pasyan, vizitè, anplwaye oswa moun ki pa anplwaye yo posede kontrebann.

Tout moun k ap antre nan lokal CChs yo ap sibi yon fouy rezonab, sou yo, byen yo, ak chanm yo pou asire sante ak sekirite tout moun.

Lapolis Cleveland Clinic oswa depatman sekirite an pral evalye vyolasyon politik sa a epi pral rekòmande aksyon korektif jiska rive revokasyon nan travay.

Deklarasyon menas ki fèt anrapò ak zam oswa kontrebann yo ap debouche sou revokasyon nan travay lan.

Lapolis oswa depatman sekirite nan lokal la pral reponn ak tout Moun k ap bay swen ki dekouvri oswa sispèk yon pasyan, vizitè, founisè, kontraktè oswa lòt moun ki pa anplwaye genyen zam.

Zam ak Kontrebann

- a. Zam pa otorize nan lokal CChs yo, nan fonksyon antrepriz sibvansyone, pandan egzekisyon biznis òganizasyon andeyò espas li a, oswa nan batiman CCh s yo posede oswa lwe ak zòn anviwonan yo tankou espas pou pakin twotwa ak ale.

- b. Zam pa otorize nan lokal CChs yo, nan fonksyon antrepriz sibvansyone, sof ofisye polis ki an fonksyon yo, konpayi machin blende ki gen lisans k ap egzekite biznis pou CChs oswa sou pwopriyete li lwe yo (pa egzanp Brink's, Dunbar, Wells Fargo, elatriye.), Ofisye Lapolis Cleveland Clinic yo oswa Enspektè Depatman Sèvis Pwoteksyon Cleveland Clinic yo ak moun sa yo Sèvis Pwoteksyon CChs yo mete travay yo jwenn otorizasyon pou pote pote zam nan men estati Federal lan.
- c. Anplwaye CChs yo pa gen otorizasyon pou pote zam nan lokal CChs yo. Vyolasyon politik sa a pral debouche sou aksyon korektif rive jouk nan revokasyon.
- d. Kontraktè, volontè, founisè ak nenpòt moun ki pa anplwaye gen entèdiksyon pou pote zam nan lokal CChs yo.
- e. Amafe pa otorize nan espas CChs yo. Pèmi pou Pote Zam nan (Carry Concealed Weapon, CCW) pa otorize pasyan, vizitè, anplwaye, oswa moun ki pa anplwaye yo pou pote zam nan lokal CChs yo. Yo afiche siy yo nan antre etablisman CChs yo pou konseye sou entèdiksyon sa a.

Fouy Chanm yo

Nan objektif pou pwoteje sekirite ak byennèt pasyan an, vizitè, anplwaye ak lòt moun kont menas prezans kontrebann nan yon espas klinik koze, CChs rezève li dwa pou fè yon fouy rezonab chanm yon pasyan ak/oswa pwopriyete pèsònèl li nan sitiyoasyon ki vini annapre yo la:

- a. Lè gen lide rezonab pou sispèk yon pasyan ap sere zam/kontrebann politik sa yo kouvri.
- b. Nou ap fouye byen pèsònèl yon pasyan sèlman nan sikonstans kote otorite lapolis/sekirite an, nan konsiltasyon ak anplwaye klinik la, detèmine gen rezon pou sispèk yon pasyan an posede/kontwòle zam/kontrebann epi genyen risk pou fè pasyan, vizitè, pèsònèl lan oswa lòt moun mal si yo pa retire zam/kontrebann nan.

Egzijans Reglemantè/ Referans

Seksyon Kòd Revize Ohio 2901.01 ak 3719.01

EC.02.01.01

CMS CoP 482.13 (c)(2)

Politik Aksyon Korektif

Pi fò Politik pou Pèsònèl Pwofesyonèl lan– Politik pou Dewoulman Pwosesis/Dwa Revizyon an pou yon Manm nan Pèsònèl Pwofesyonèl lan.

Sipèvizyon ak Responsablite

Sèvis Pwoteksyon Cleveland Clinic pral egzamine, revize, mete ajou, ak rann operasyonèl règlemantasyon sa a pou kenbe konfòmite ak règlemantasyon oswa lòt egzijans.

Se responsablite chak lopital, depatman ak disiplin pou aplike règlemantasyon epi pou kreye ak rann operasyonèl pwosedi ak règlemantasyon aplikab yo.